NEW YORK STATE | Office of Cannabis Management

Ki sa paran, konseye ak granmoun ou fè konfyans yo

BEZWEN KONNEN SOU BÒZ

Ou dwe gen 21 ane pou achte, itilize oswa posede Bòz (ki rele tou marigwana, pot, zèb ak plis ankò) nan Eta Nouyòk la.

Paran ak granmoun ou fè konfyans yo: Ou ka gen enpak sou ti jèn yo ak jèn granmoun nan lavi ou itilize sou bòz. Li pa janm twò ta pou kòmanse yon konvèsasyon. Pale ak yo bonè e souvan pou ede yo konprann kijan itilizasyon Bòz minè kapab afekte yo

Sipò w ka ede yo fè chwa ki pi an sekirite, e ki pi an sante.

BÒZ AK DEVLOPMAN SÈVO A

Etid yo montre ke devlopman konplè nan sèvo a pa konplè jiskaske laj 25 ane. Rechèch sijere ke konsome Bòz pandan sèvo a toujou ap devlope kapab chanje fason li fè koneksyon ki enpòtan pou atansyon, memwa, ak aprantisaj. Bòz la kapab tou afekte kwasans epi fonksyone pati nan sèvo ki responsab pou jijman nou ak pran desizyon. Chanjman sa yo ka gen yon enpak negatif sou pèfòmans akademik li, epi itilizasyon kwonik kontinye ka gen lòt efè negatif.

Jèn ak jèn granmoun yo ki itilize Bòz la souvan ka ogmante risk pou yo gen pwoblèm sante mantal, tankou depresyon, enkyetid, ak maladi mantal grav tankou maladi sikotik.

Etid yo montre ke moun ki gen yon istwa fanmi ki gen yon maladi mantal grav ka ogmante risk pou yo kòmanse itilize Bòz nan yon laj byen bonè ak itilizasyon Bòz souvan ki gen pi gwo kontni THC.

SEKIRITE AK RESPONSABILITE DEPO NAN PWODWI BÒZ

Sekirite ak responsabilite depo nan pwodwi Bòz vle di asire w ke tout Bòz nan kay la fèmen, yo pa wè yo, epi yo pa rive jwenn timoun (ak bèt kay). Konsome pwodwi Bòz pa aksidan se yon risk pou timoun ak bèt ka lakoz toksisite Bòz oswa mande swen medikal an ijans.

Si ta gen yon aksidan ki ekspoze, rele sant kontwòl pwazon ou oswa ale nan depatman ijans lopital ou a si sa nesesè.

Kontakte veterinè ou imedyatman si bèt kay ou a te manje yon pwodwi ki gen Bòz.

CANNABIS CONVERSATIONS

cannabis.ny.gov

NEW YORK STATE | Office of Cannabis Management

Ki sa paran, konseye ak granmoun ou fè konfyans yo

BEZWEN KONNEN SOU BÒZ

KONSÈY POU PALE AK JÈN YO AK JÈN GRANMOUN YO NAN LAVI OU

- Kòmanse konvèsasyon an byen bonè (kèlkeswa lè yo kòmanse poze kesyon) epi anvan yo planifye pou itilize.
- Planifye pou gen plis pase yon konvèsasyon - anpil ti chat travay pi byen. Kenbe konvèsasyon aksidantèl yo olye pou yo gen yon reyinyon fanmi fòmèl oswa youn pa youn.
- Chèche fason natirèl pou pote sijè a, tankou lè w pase nan yon dispansè oswa lè w wè yon referans sou itilizasyon Bòz sou televizyon.
- Konsantre sou reyalite yo ak fason Bòz ka afekte sèvo k ap devlope yo.
- Diskite ak pitit ou yo posiblite pou yo gen yon "plan sòti" si yo ofri yo Bòz. Presyon kanmarad yo ka pwisan, epi gen yon plan pou evite li kapab ede yo fè chwa ki pi an sante. Pale ak jèn yo ak jèn granmoun nan lavi w pou konnen sa yo tap fè si yo ta fè fas ak yon desizyon konsènan itilizasyon dwòg oswa alkòl, tankou voye tèks mesaj yon mo kòd bay yon manb fanmi w. Ofri yon mo kòd jèn ak jèn granmoun yo ka tèks ou lè yo fè fas ak yon desizyon sou itilizasyon sibstans sa yo.
- Ou dwe konsyan de pwòp atitid ou ak konpòtman ou - aksepte ke konvèsasyon sa ka santi yo gòch pou nou tou de. Sonje ke yo gen plis chans pou yo sèvi ak Bòz si ou fè sa. Mete atant ou epi kominike yo byen klè.
- Ankouraje kesyon yo, pa jije, epi koute lide yo.
- Rete trankil epi fè yo konnen ou la pou yo. Si w sispèk jèn ak jèn granmoun ou konnen yo ap itilize Bòz, asire w ke yo konnen yo ka toujou vin jwenn ou, oswa yon lòt moun ou fè konfyans, si yo bezwen yon granmoun.

KISA W DWE FÈ SI PITIT OU A AP PRAN BÒZ

- Rete trankil - reyaji twòp ka lakòz jèn yo rebèl, rankin oswa pran pi gwo risk.
- Pale sou enkyetid ou yo epi bay reyalite ak rezon pozitif pou w vle yo sispann sèvi ak Bòz epi konsantre sou enpak Bòz ka genyen sou sèvo k ap devlope a.
- Si yo gen lisans chofè yo, sonje yo pa sèvi ak Bòz ak kondwi. Bòz ralanti tan reyaksyon w ak kowòdinasyon motè, epi li ka ekstrèmman danje pou w kondwi anba enfliyans. Li ilegal epi yo ka jwenn yon DUI epi yo ka jwenn pi gwo pwoblèm.

CANNABIS CONVERSATIONS

cannabis.ny.gov

NEW YORK STATE | Office of Cannabis Management

Ki sa paran, konseye ak granmoun ou fè konfyans yo

BEZWEN KONNEN SOU BÒZ

POU PLIS ENFÒMASYON, KONTAKTE BIWO JESYON BÒZ LA

Sit Entènèt: cannabis.ny.gov

Imèl: info@ocm.ny.gov

Apèl: 1-888-OCM-5151 (1-888-626-5151)

NYC Poison Control Center

CANNABIS CONVERSATIONS

cannabis.ny.gov